

Pwogram Bous Detid Ekspansyon EdChoice (EdChoice Expansion Scholarship Program) Fèy Enfòmasyon pou 2026-2027


KISA PWOGRAM BOUS DETID EKSPANSYON EDCHOICE OHIO A YE (OHIO'S EDCHOICE EXPANSION SCHOLARSHIP PROGRAM)?

Pwogram Bous Ekspansyon EdChoice bay bous detid eta finanse pou timoun ki nan klas matènèl jiska douzyèm ane ki abite nan Ohio selon nivo revni kay la. Bous detid la dwe itilize pou peye frè eskolarite pou ale nan lekòl prive k ap patisipe yo.

KIYÈS KI ELIJIB POU EDCHOICE EXPANSION AN?

EdChoice Expansion se yon pwogram ki baze sou revni ki disponib pou elèv ki nan klas matènèl jiska douzyèm ane ki pa kalifye pou pwogram bous Cleveland lan.

Yo akòde bous detid EdChoice Expansion an daprè revni kay yon fanmi. Si revni kay fanmi an egal oswa pi ba pase 450 pousan Nivo Povrete Federal (Federal Poverty Level) la, yo ap resewa montan bous detid maksimòm nan. Si revni fwaye fanmi an nan oubyen siperyè a 451 pousan Nivo Povrete Federal (Federal Poverty Level) la, montan bous detid elèv la ap redwi. Tablo anba a reflete repatisyon montan an nan chak pousantaj Nivo Povrete Federal.



KILÈ YON FANMI DWE APLIKE?

Peryòd demann pou pwogram **Bous Detid EdChoice Expansion** an ap louvri 1ye Fevriye 2026, epi l ap rete louvri jiska 30 Jen 2027. Fanmi yo dwe ranpli pwosesis enskripsyon/admisyon an nan lekòl prive k ap patisipe yo nan otòn 2026. Lè yo aksepte enskripsyon an nan lekòl prive k ap patisipe a,

fanmi yo ka chwazi ranpli aplikasyon pou yon Bous EdChoice, lekòl prive a ap soumèt aplikasyon an atravè sistèm aplikasyon sekirize anliy lan.

KI ENFÒMASYON KI NESESÈ POU APLIKE POU BOUS DETID LA?

Paran yo dwe bay lekòl prive a yon kopi akdenesans elèv la, yon kopi prèv adrès aktyèl li ki gen mwens pase 90 jou ak Fòmilè Demann Bous Detid (Scholarship Request Form) la pou aplike pou bous detid la. Lòt enfòmasyon, tankou yon lèt notarye, dokiman gadyen legal, oswa enfòmasyon sou swen adoptif, ka nesèsè pou detèmine si yon elèv kalifye pou yon bous.

REMAK: Anplis de aplike nan lekòl la, nouvo aplikan EdChoice Expansion ap bezwen ranpli pwosesis verifikasyon revni an, sof si fanmi an te deja gen revni kay la anrejistre nan dosye li yo. Verifikasyon revni an pa obligatwa pou renouvèlman demann nan pwogram Bous Detid EdChoice Expansion nan. Fanmi ki ap renouvle yo pa bezwen ranpli yon nouvo verifikasyon revni chak ane. Si revni anyèl ou oswa kantite manm nan kay ou a chanje, fanmi an ka soumèt yon nouvo aplikasyon pou verifikasyon revni pou pwochen ane lekòl la. Fanmi k ap aplike pou estati fèb revni yo dwe soumèt yon nouvo revni kay la chak ane. Yo p ap rekalkile Revni Kay la aprè revizyon an fini.

KONBYEN KÒB BOUS DETID LA AP YE?

Bous detid maksimòm nan pou elèv yo nan klas Matènèl jiska 8yèm ane pou kounye a se \$6,166 epi \$8,408 pou klas 9yèm jiska 12yèm ane. Montan chak elèv ap resevwa varye dapre revni kay la. Ou kapab jwenn montan estime espesifik atribisyon yo sou sit wèb Depatman an.

REMAK: Nenpòt demann ki soumèt aprè 14 oktòb 2026, ap resevwa yon montan ki ap ajiste selon kantite tan ki rete nan ane lekòl la aprè dat enskripsyon elèv la nan lekòl prive a.

ÈSKE PARAN/GADYEN YO DWE PEYE YON MONTAN LAJAN KÈLKONK?

Montan bous detid la kapab itilize sèlman pou frè eskolarite yo. Paran yo ak/oswa responsab legal yo dwe toujou kapab peye frè enskripsyon yo, frè materyèl yo ak lòt tip frè ki sanble ak sa yo. Si frè lekòl prive a pi wo pase montan Bous EdChoice la epi fanmi an pa kalifye kòm fanmi ki gen revni fèb (nan oswa pi ba pase 200 pousan Gid Povrete Federal la), fanmi an ka oblije peye diferans lan. Men, fanmi ki kalifye pou estati fèb revni yo pa oblije peye okenn frè eskolarite bous detid la pa kouvri. Pou yo ka konsidere fanmi an pou estati fèb Revni, fanmi an dwe soumèt revni kay la chak ane bay Depatman Edikasyon ak Mendèv la.

KÒMAN Y AP ENFÒME PARAN/RESPONSAB YO SOU ESTATI APLIKASYON AN?

Yo ap revize enfòmasyon aplikasyon an nan espas 14 jou. Yo ap fè lekòl prive a konn sa nan espas 14 jou si yo idantifye erè oswa lakin. Tanpri kontakte lekòl prive ou a pou tout kesyon konsènan aplikasyon an. Atribisyon bous detid yo ap fèt chak peryòd epi yo ap voye yon lèt atribisyon ak yon fòmilè akseptasyon bay paran yo/responsab legal yo atravè lapòs. Paran/Responsab yo kapab kontwole aplikasyon elèv yo atravè [pòtay paran yo sou entènèt](#).

ÈSKE BOUS EDCHOICE EXPANSION NAN KAPAB RENOUVLE?

Wi, bous detid la kapab renouvle chak ane jiska 12èm ane toutotan elèv la:

1. Fè tout evalyasyon ki rekòmande yo;
2. Pa genyen plis pase 20 absans non jistifye pou ane lekòl la; epi
3. Rete yon rezidan Ohio.

KI KOTE MWEN KAPAB JWENN PLIS ENFÒMASYON?

[Jwenn plis enfòmasyon](#) konsènan Ekspansyon EdChoice sou sitwèb Depatman an oubyen kontakte edchoice@education.ohio.gov.

Pwogram Bous ak Titora Cleveland lan ap toujou disponib pou rezidan Distri Lekòl Minisipal Cleveland lan. [Jwenn plis enfòmasyon](#) sou pwogram Cleveland lan sou sit wèb Depatman an.

Depatman Edikasyon ak Mendèv Ohio (Ohio Department of Education and Workforce) a pa fè diskriminasyon sou baz ras, relijyon, sèks, nasyonalite, laj, andikap, oswa orijin etnik. Depatman Edikasyon ak Mendèv Ohio a se yon [patwon opòtinite ekitab \(equal opportunity employer\)](#) ak yon founisè [sèvis ADA](#). Avi sou [Non-Diskriminasyon](#) Depatman an ap aplike pou tout pwogram yo ak aktivite yo.

Gade Politik [Diskriminasyon Kont Andikap](#) Depatman ak [Pwosedi pou Plent nan Politik Diskriminasyon an](#). Pou plis enfòmasyon sou avi sou non-diskriminasyon an, vizite ocrcas.ed.gov/contact-ocr pou jwenn adrès ak nimewo telefòn biwo ki bay sèvis nan zòn ou an, oswa rele 1-800-421-3481.